



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REZILTA DEZYÈM KONPETISYON ANYÈL BYÈ
ATIZANAL ETA NEW YORK LA**

***Brasri Threes Brewing lan ki Baze nan Brooklyn Ranpòte Koup Excelsior
Gouvènè a, yo te Klase an Premye Pami Plis Pase 640 Patisipan***

***23 Byè Te Ranpòte Meday Lò nan Pi Gwo Konpetisyon Byè Atizanal Ki Jije yon
Fason Pwofesyonèl ki te Òganize nan Eta New York***

Yo Pral Ekspoze Brasri yo Medaye yo nan Gran Fwar Eta New York la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse rezilta dezyèm Konpetisyon Byè Atizanal Eta New York la (New York State Craft Beer Competition), ki te prezante 642 byè yo brase nan Eta New York. Pou yon dezyèm ane konsekitif, brasri Threes Brewing lan ki baze nan Brooklyn te resevwa pi gran distenksyon an, kòm gayan Koup Excelsior Gouvènè a. Gen 23 byè ki soti nan brasri toupatou atravè Eta a yo ki te ranpòte meday lò.

“Bwason atizanal ki gen kalib mondyal New York la yo ap pwospere epi y ap ede estimile kwasans nan fèm nou yo, ekonomi lokal ak endistri touris nou an toupatou atravè eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen felisite brasri atizanal sa yo pou siksè yo epi mwen ankouraje sila ki entèrese yo pou yo vin goute byè premye ran eta nou an yo nan Gran Fwar Eta New York la (Great New York State Fair) nan fen mwa sa a.”

Asosiyasyon Brasè Eta New York la (New York State Brewers Association) te esponsorize Konpetisyon Byè Atizanal Eta New York la an kowòdinasyon ak Taste NY, Raise a Glass Foundation la, ak Gran Fwar Eta New York la, epi yo ouvè pou nenpòt brasè atizanal ki nan Eta New York la patisipe. Konpetisyon an te prezante 43 jij ki inikman kalifye k ap goute 642 patisipan ki soti nan plis pase 120 brasri nan pi gran konpetisyon byè atizanal ki te fèt nan Eta New York la. Ane sa a, yo te soumèt 264 patisipan ki te kalifye kòm byè ki pote etikèt Eta New York oswa byè fèm, sa ki vle di yo itilize omwen 20 pousan oublon yo kiltive nan Eta New York ak lòt engredyan ki kiltive nan Eta New York nan byè yo.

Yo te rekonpanse gayan yo ak meday lò, ajan ak bwonz nan chak 24 kategori yo, ki gen ladan estil byè popilè yo, tankou IPA ak Lager, ansanm ak estil k ap vann sou ti mache

yo ak sa ki fenk ap parèt yo, tankou byè amè yo oswa ki gen gou fwi oswa gou epis yo. Ane sa a, konpetisyon an te prezante senk nouvo kategori. Kategori ki plis patisipe yo se Estil IPA New England lan (New England Style India Pale Ale, IPA) ak Lager Leje Ameriken an (American Light Lager), kote yo chak te gen 58 patisipan.

Venkè meday lò pa kategori yo se:

- **Fèm Bèlj:** Threes Brewing, Passing Time Grisette - Brooklyn
- **Lager Anbr ak Nwa yo:** Blue Point Brewing Company Toasted Lager- Patchogue
- **Ale Anbr/Wouj:** Bottomless Brewing, Soda Bread Red - Fayette
- **DIPA Ameriken:** Upstate Brewing Company, IPW - Elmira
- **Varyasyon IPA Ameriken yo:** Great Flats Brewing, Great Flats Raspberry IPA - Schenectady
- **Vyeyi Nan Bariy (Pa Byè Sitwon):** Saranac Brewery, Basking in Bourbon - Utica
- **Byè Sitwon Ki Vyeyi Nan Bariy:** Brown's Brewing Company, Reprise - Troy
- **Lòt Bèlj:** Lucky Hare Brewing Company, Anny #2- Hector
- **Brown Ale:** Roscoe Beer Company, Trout Town Brown Ale - Roscoe
- **Eksperimantal:** Saranac Brewery, Byè Bren Varick Street (Varick Street Stout) - Utica
- **Byè Fwi ak Epis plis pase 6.0 Alkòl pa Volim (Alcohol By Volume):** Glenmere Brewing Company, Wicked With - Florida
- **Byè ki gen Gou Fwi ak Epis 6.0 Alkòl pa Volim (ABV) oswa mwens:** The Peekskill Brewery, Hidden Track - Peekskill
- **Ale Blond Dò:** Saranac Brewery, Lake Placid Golden Blu - Utica
- **Malta Enperyal ak Porter:** Spider Bite Beer Company, Boris the Spider Russian Imperial Stout - Holbrook
- **Lager Lejè:** Bottomless Brewing, Bohemian Pilsner - Fayette
- **IPA New England:** Prison City Brewing, Control for Smilers - Auburn
- **Ale Pal:** Naked Dove Brewing Company, Naked Dove What is Batch #2 - Canandaigua
- **Porter, (Non Imperial):** Glenmere Brewing Company, Box'd Smok'd Porter - Florida
- **Ale Fò (ki pa Bèlj):** Naked Dove Brewing Company, Naked Dove Barleywine - Canandaigua
- **Ale Amè ak Sovaj:** Good Nature Brewing, Kung Foeder Series Jackie Batch - Hamilton
- **Byè ki fèt ak ble (Ameriken, Wit, Hefe):** Brewery Ommegang, Witte - Cooperstown
- **Byè Eta New York:** Roscoe Beer Company, Trout Brown Ale - Roscoe

Yo te rekonpanse 45 brasri ak plis pase 70 meday. Gayan nan premye plas konpetisyon an yo te brasri Peekskill Brewing ki soti nan Peekskill, Konte Westchester (1 lò, 2 ajan, 1 bwonz), ak brasri Big Ditch Brewing Company ki soti nan Buffalo (4 bwonz). Brasri Lucky Hare Brewing ki soti Hector, Konte Schuyler, te ranpòte twa meday (1 lò, 1 ajan, 1 bwonz), epi brasri Bottomless Brewing ki soti Fayette, Konte Seneca te resevwa menm valè meday (2 lò, 1 ajan), ak Brasri Glenmere Brewing ki

nan Florida, Konte Orange (2 lò, 1 ajan). Brasri Saranac Brewery ki soti Utica, Konte Oneida te ranpòte 3 meday lò.

Ou kapab jwenn rezilta konplè konpetisyon yo ak enfòmasyon adisyonèl yo [isit la](#).

Yo pral ekspoze gayan Koup Excelsior Gouvènè a ak lòt patisipan ki resevwa meday yo nan Bilding Ôtikiliti a (Horticulture Building) pandan Gran Fwar Eta New York la yo, soti 22 Out rive 3 Septanm 2018. Anplis de sa a, Fwar la ap ofri tout brasè yo opòtinite pou yo pèmèt moun goute byè yo nan yon kyòsk epi brasè yo ka òganize youn nan Seminè Diven ak Byè Taste NY Fwar la (Taste NY Wine and Beer Seminars) k ap fèt chak jou yo. Seminè yo ap fèt twa fwa chak jou epi y ap pèmèt pwopriyetè ak ekspè nan endistri bwason an yo gen yon opòtinite pou founi goute pwodwi yo ak edike piblik la sou bwason yo.

“New York genyen kèk nan meyè brasri atizanal nan nasyon an, epi konpetisyon sa a ekspoze meyè bwason yo genyen pou yo ofri yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou pran angajman pou nou devlope ak sipòte brasè atizanal toupatou atravè eta a yo pou nou asire siksè yo, devlope ekonomi an, epi ogmante touris nan Eta New York.”

Paul Leone, ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Brasri Eta New York yo, te deklare, “Pandan endistri brasri a kontinye devlope nan Eta New York, kalite byè y ap pwodwi a kontinye pi bon tou. Li vrèman bon pou nou wè anpil nouvo brasri konsa ranpòte konpetisyon an ane sa a, epi li enkwayab paske brasri Threes Brewing lan ki nan Brooklyn ranpòte Koup Excelsior Gouvènè a pou yon dezyèm ane deswit nan yon konkou goute avèg pami 23 byè ki ranpòte meday lò. Pa gen pi bon moman pou nou ‘Think New York, Drink New York’ (Panse New York, Bwè New York) pase lè sa konsène byè atizanal nou an”.

Komisè Agrikilti Eta New York la (New York State Agriculture), Richard A. Ball, te di, “Felisitasyon a gayan yo ak tout brasè ki te patisipe nan konpetisyon anyèl sa a. Efò Gouvènè Cuomo ap fè pou l sipòte endistri bwason atizanal la te ede estimile fabrikan bwason nou yo ki nan Eta New York la epi ofri yon ranfò pou endistri agrikòl nou an. Nou paka tann pou nou ekspoze seleksyon bwason atizanal an kwasans eta nou an nan Fwar Eta New York la”.

Direktè Enterim Fwa la, Troy Waffner, te di, “Nou kontan pou nou ofri gayan konpetisyon sa yo opòtinite pou yo ekspoze pwodwi inik yo a pou plis pase yon milyon patisipan fwar la yo ki pral rantre nan baryè sa a yo nan kèk semèn lan ka wè yo. Konpetisyon an te devlope plis pandan endistri a t ap fleri epi pa gen pi bon kote pou nou selebre siksè sa a pase nan Gran Fwar Eta New York la”.

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè Eta (State Liquor Authority), te deklare, “Pwodiksyon byè atizanal nan Eta New York te viv yon kwasans rekò gras a efò Gouvènè Cuomo ap fè pou l transfòme ak revitalize endistri a. Avèk plis pase 400 brasri atizanal, Nouyòkè ki nan kat kwen eta a yo te gen aksè a byè atizanal yo pwodwi onivo lokal. Felisitasyon a gayan jodi a yo ak tout brasri ki te patisipe pou ede ekspoze bon jan kalite byè premye plan New York la yo”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Brasè atizanal Eta New York la yo ap itilize engredyan yo kiltive onivo lokal pou yo kreye bwason ki gen kalib mondyal. Nan kominote toupatou atravè eta a yo, brasri nou yo sipòte djòb, ankouraje touris ak anrichi ekonomi lokal yo, epi mwen felisite tout gayan Konpetisyon Byè Atizanal Eta New York pou ane 2018 la yo”.

Joshua Stylman, Direktè Egzekitif Jeneral Brasri Threes Brewing lan, te di, “Nan yon tan kote New York ap pwodwi kèk byè ki trè remakab, se yon onè pou nou paske yo nonme nou gayan Koup Excelsior la. Li espesyalman pwometè pou nou wè yon estil nyanse (Grisette) resevwa rekonesans sou kèk nan byè ki pi popilè ki disponib sou mache a jounen jodi a yo. Nou pa te ka yon ekip ki pi fyè pase jan nou ye la”.

Fred Matt, Prezidan FX Matt Brewing Company, te di, “Nou ap fè bon jan byè nan Eta New York la depi 130 tan epi nou kontan pou yo rekonèt nou yon lòt fwa ankò pou grand varyete byè nou ap fè nan Saranac la. Eta New York la ap pwodwi anpil byè enkwayab epi nou fyè pou nou fè pati kominote byè Eta New York la”.

Ethan Cox, Prezidan Community Beer Works nan Buffalo, te di, “Lè yon ekip jij ki plen talan ak eksperyans tankou sila ki gen nan Konpetisyon an rekonèt nou ak de meday, sa rann yo trè fyè anpil. Mèsi anpil a òganizatè yo, jij yo, ak volontè yo ki te rann sa posib”!

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, eta ap kontinye atire kwasans endistri bwason fabrike an. Lè nou pase yon gwo pati nan lwa, lanse kanpay pwomosyon agresif, epi enpleman re- fòm règlemantasyon konsiderab, sektè ekonomi an te vini yon gwo kondiktè nan kreyasyon travay ak delvopman ekonomik nan kominote toupatou nan Eta. Dènyèman la, Gouvènè a te anonse ke gen plis pase 1,000 pwodiktè bwason atizanal nan Eta New York, ki gen ladan plis pase 400 brasri fèm, mikwo brasri, ak brasri restoran toupatou atravè New York. Depi Gouvènè Cuomo te òganize premye Somè sou Byè, Diven, Likè ak Sid la (Beer, Wine Spirits and Cider Summit) an 2012, kantite biznis k ap pwodui bwason atizanal yo plis pase double, alòske kantite fabrikan agrikòl yo ogmante pa plis pase 160 pousan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)